**दिन—गुरूवार** **दिनांक—31.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————

दीपक पर्व दिवाली आस्था आ श्रद्धाक संग मनाओल जा रहल अछि। गृहणी लोकनि तुलसी चौड़ा मे दीप रखबाक बाद समस्त घर—दूआरि मे दीप लेसि रहल छथि। श्रद्धालु लोकनि अपन—अपन घर आ प्रतिष्ठान मे धनक देवी लक्ष्मी आ विघ्नहर्ता गणेशक पूजा—अर्चना सेहो शुरू कऽ देलनि। चारू कात रंग—बिरंगक जगमग रोशनी सँ वातावरण मे दिवालीक उल्लास पसरि रहल अछि। लोक सभ अपन सामर्थ्यक अनुसार बिजली उपकरण आ आनो सामग्री सँ अपन—अपन घर के सजौने छथि। धीया—पूता मे विशेष उत्साह देखल जा रहल अछि। फटक्का आ फूलझड़ीक आवाज वातावरण मे गूँजि रहल अछि। दिवालीक अवसर पर मिथिला मे ऊक फेरबाक आ हुक्का लोली खेलबाक परम्परा अछि जकर पालन कयल जा रहल अछि। आइए काली पूजा हेबा सँ साधक लोकनि मे विशेष प्रसन्नता छनि। दरभंगा जिलाक श्यामा मंदिर, कंकाली मंदिर, श्मशान काली मंदिर सहित मिथिलांचलक आनो—आन भगवती स्थान सभ मे माताक विशेष पूजा—अराधना शुरू भऽ रहल अछि।

—————————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देशवासी लोकनि के दिवालीक शुभकामना देलनि अछि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो राज्यवासी के दिवालीक शुभकामना देलनि अछि।

—————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देशवासी लोकनि के विभाजनकारी ताकत सँ सावधान रहबाक लेल कहलनि अछि। लौहपुरूष सरदार वल्लभभाई पटेलक जयंतीक अवसर पर गुजरातक केवड़िया मे राष्ट्रीय एकता दिवस समारोह के सम्बोधित करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे अगिला पच्चीस वर्ष मे विकसित भारतक लक्ष्य प्राप्त करबाक लेल राष्ट्रीय एकता बड्ड महत्वपूर्ण

अछि। ओ कहलनि जे पछिला दस वर्ष मे सरकार अपन नीति आ निर्णय सँ एक राष्ट्र कें भावना के निरंतर मजगूत कऽ रहल अछि। राष्ट्रीय एकताक महत्व पर जोर दैत प्रधानमंत्री कहलनि जे देशक सोझा कतेको चुनौती अछि, जे राष्ट्रक एकता आ सुरक्षा लेल खतरा उत्पन्न कऽ रहल अछि। श्री मोदी नागरिक लोकनि सँ अनुरोध कयलनि जे सजग रही आ भारतक एकता मे विविधताक भावना के आत्मसात करी। देश के एक करबाक लेल सरदार पटेलक योगदान के स्मरण करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे सरदार पटेलक एक सय पचासम जयंती अगिला दू वर्ष धरि देशभरि मे मनाओल जायत। प्रधानमंत्री एकता नगर मे स्टैच्यू ऑफ यूनिटी पर सरदार वल्लभभाई पटेल के पुष्पांजलि अर्पित कयलनि आ लोकसभ के एकताक दिवसक शपथ दिऔलनि।

———————————————————————————

एम्हर, राष्ट्रीय एकता दिवसक अवसर पर आइ विभिन्न जिला मुख्यालय मे एकता दिवसक शपथ दियाओल गेल। मधुबनी जिलाक विभिन्न थाना मे थानाध्यक्ष पुलिसकर्मी लोकनि के राष्ट्रीय एकता आ अखंडता लेल सत्य–निष्ठाक संग काज करबाक शपथ दियौलनि। अररिया जिला मे पुलिस अधीक्षक अमित रंजन पुलिस अधिकारी आ जवान लोकनि के राष्ट्रीय एकता आ अखंडता के अक्षुण रखबाक शपथ दियौलनि।

———————————————————————————

कृतज्ञ राष्ट्र आइ पूर्व प्रधानमंत्री इंदिरा गाँधी के हुनक पुण्यतिथि पर श्रद्धापूर्वक स्मरण कयलक। ई दिन राष्ट्रीय संकल्प दिवसक रूप मे मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर पटना स्थित आईजीआईएमएस परिसर मे आयोजित राजकीय समारोह मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पूर्व प्रधानमंत्रीक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। प्रदेश कांग्रेस मुख्यालय सदाकत आश्रम मे आयोजित श्रद्धांजलि सभा मे प्रदेश अध्यक्ष अखिलेश सिंह समेत पार्टीक वरिष्ठ नेता आ कार्यकर्ता लोकनि इंदिरा गाँधीक योगदान के स्मरण कयलनि।

———————————————————————————

वरिष्ठ नेता आ पूर्व केन्द्रीय मंत्री आर.सी.पी. सिंह अपन नव पार्टीक घोषणा कऽ देलनि। पटना मे आयोजित संवाददाता सम्मेलन मे आइ श्री सिंह आप सबकी आवाज– आसा

नाम सँ नव पार्टीक गठन करबाक घोषणा कयलनि। एहि संग तीन रंगवला पार्टी झंडाक अनावरण सेहो कयलनि।

———————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक मुफस्सिल थाना क्षेत्रक पुलिस लाईन मे आइ एक महिला सिपाही वंदना कुमारी फाँसी लगाकऽ आत्महत्या कऽ लेलनि आइ सवेरे पुलिस लाईनक स्नानघर मे हुनका फाँसी पर लटकल देखल गेल। समस्तीपुर सदर अस्पताल मे हुनक ल्हाशक पोस्मॉर्टम कयलाक बाद हुनक घर पठा देल गेल।

———————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक ताजपुर थाना क्षेत्रक दरजनिया पुल लऽग पुलिस आइ पच्चीस हजारक ईनामी अपराधी मुकुल सहनी के गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार अपराधी के कतेको बैंक लूट आ डकैतीक कांड मे खोज छल।

———————————————————————————

मधुबनी जिला मे उत्पाद अधीक्षक विजयकांत ठाकुरक निर्देश पर शराब माफिया सभक विरूद्ध चलाओज गेल विशेष अभियान मे अट्ठाईस अलग–अलग स्थान सँ भारी मात्रा मे शराबक संग चौदह गोटे के गिरफ्तार कयल गेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त